

KOMITE SKOLÈ VIL BOSTON



REYINYON ALEKA KOMITE SKOLÈ BOSTON

14 septanm, 2022

5:00 nan laprèmidi Sesyon Egzekitif
7:00 diswa Reyinyon Piblik

Tanpri klike sou lyen anba a pou w antre sou wèbinè a :

https://k12-bostonpublicschools.zoom.us/webinar/register/WN_BShcD6vxSJC3LjLsRfxCOg

KÒMANTÈ GRAN PIBLIK LA : TANPRI ENSKRI SOU [LYEN SA A](#) POU W TEMWAYE.
Enskripsyon pou fè kòmantè piblik ap tèmine a 4:30 nan laprèmidi, jou reyinyon an.

Pwogram Reyinyon an

5:00 nan laprè midi

- I. Salye Drapo/Sèman Drapo
- II. Apèl Non
- III. Kanpe Reyinyon an pou n pase a Sesyon Egzekitif la
 - Komite Skolè a ap mete yon ne nan sesyon piblik la pou l pase a yon sesyon egzekitif tousuit pou l kapab dewoule yon sesyon strateji an preparasyon pou negosyasyon k ap pral fèt avèk Sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers Union) ak yon sesyon strateji an preparasyon pou tribinal ki konsène lekòl Mission K-8 Pilot School la. Komite a ap retounen nan sesyon piblik la ankò.

7:00 diswa

- IV. Apwobasyon Pwosè Vèbal Reyinyon : 13 jiyè, 2022 ; 10 out, 2022 ; ak 31 out, 2022
- V. Rapò Sipèntandan Pwovizwa a, ki enkli yon mizajou sou Enplemantasyon Plan Amelyorasyon Sistematik la
- VI. Rapò
 - Mizajou sou lekòl Mission Hill K-8 Pilot School
- VII. Kòmantè Gran Piblik la
- VIII. Mezi pou n Pran
 - Yon total 959,498\$ sibvansyon ki pou apwouve :

~ kontinye ~

Montan an	Ane Fiskal	Non Sibvansyon an	Estati	Jesyonè Fon an	Domèn Entèvansyon an (yo)	Lokal yo
670.000\$	2023	Comprehensive Preschool Partnership Initiative - CPPI (Inisyativ Patenarya Lekòl Matènèl Okonplè)	Nouvo	David McAulty	Edikasyon Timoun Piti	Nan tout distri a
211.673\$	2023	SEL & Mental Health Grant (Sibvansyon pou Aprantisaj Sosyal Emosyonèl ak Sante Mantal)	Nouvo	Whitney Walker	Aprantisaj Sosyal e Emosyonèl	Nan tout distri a
77.825\$	2023	Digital Literacy Now Part 2 (Alfabetizasyon Nimerik/Dijital Kounye a, 2yèm Pati)	Nouvo	Yvonne Macrae	Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik	Nan tout distri a
959.498\$		Total				

IX. Rapò

- Akò Negosyasyon Kolektiv Pwovizwa ant Komite Skolè Boston an ak Sendika Pwofesè Boston an ak Memorandòm Akò Sante ak Sekirite a.

X. Komantè Gran Piblik la sou Rapò yo (Opsyonèl)

XI. Nouvo sijè

XII. Reyinyon an lage